ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№39 (23.197) • 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 4, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кавказ Ищхъэрэм зиуЖын папщІэ

● Дыгъуасэ

Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь Патрушев Николайрэ УФ-м и Президентым и лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Меликов Сергейрэ гъатхэпэм и 3-м Налшык къалэ зэІуІэ щрагъэкІуаІат.

АБЫ ХЭТАЩ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэмкіэ и министр **Кузнецов Лев**, УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Сыдорук Иван**, УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и министрым и апэ къуэдзэ **Горовой Александр**, УФ-м мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Астраханцевэ Еленэ**, Щэхуакіуэм, Іуэхутхьабзэ зыхуащІэм я хуитыныгъэр хъумэнымрэ цІыхум и псэукІэр егъэфІэкІуэнымрэ кІэлъыплъ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ **Поповэ Аннэ**, Къэрал резервхэмкІэ федеральнэ Іуэхущіапіэм и унафэщым и къуэдзэ **Земсков Александр**, Финанс кІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщым и къуэдзэ **Клименченок Александр**, Туризмэмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщым и къуэдзэ **Конюшков Алексей** сымэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъуэгуэхэм я Іэтащхьэхэр, Гъэзэщіакіуэ властым, УФ-м и Президентым и лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэм щІым, ШынагъэншагъэмкІэ советым я аппаратхэм я лЫкІуэхэр.

ЗэІуІэм Іуэхугъуитіым щытепсэлъыхьащ: ди щІыпІэм зыщызыгъэпсэхуэхэм я шынагъэншагъэр кІыззэгъэпэщыным пыщІа гугъуехьхэмрэ ерыскъыхэкІэмкІэ шынагъэншагъэм ехьэлІа къэрал политикэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ хэгъуэгуэм гъэзэщІа зэрыщІыхьымрэ.

Патрушев Николай тепсэлъыхьащ 2015 гъэм Псыхуэбз щрагъэкІуэкІа зэІуІуІэм кІыщащта унафэхэр гъэзэщІа зэрыхьым.

- Фигу къэзгъэкІыжынщи, абы щыгъуэм дытепсэлъыхьауэ щытащ лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэр кІыззгъэпэщыным, экстремист, террорист къэхъукъащІэхэр щымыгъэІэнным, апхуэдэуи «Къалэ шынагъэншэ» Іуэхур уб3ыхуным. Абыхэм ехьэлІауэ хэтщэ унафэхэм я фІыщІэкІэ, Антитеррорист комиссэхэм я лэжьыгъэр ефІэкІуащ, - жиІащ Патрушев Николай.

УФ-м ШынагъэншагъэмкІэ и советым и секретарыр щхьэхуэу кІытеуВыІащ гулъытэ нэхъ зыхуащІ Іуэхугъуэхэм. Ахэр лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэр егъэфІэкІуэнырщ, хъущ, абы папщІэ иджырей техникэ Іэмалхэр къэгъэсэбэнырхьэщ, - жиІащ абы. - Псом япэу лыжэкІэ бгым къызэрежэх гъэгурыхэр къызэрызэпэщащ кІэлъыплъыныр егъэфІэкІуэн уейш, ар хабзэм къигъэув мардэхэм иззгъапхъащ. Апхуэдэуи турист компаниехэм я лэжьэкІэм ди нэІэ тетын уейш. Мы Іуэхум пщыІа къэрал къулыкъущІэхэм, зыгъэпсэхупІэхэм щылажьэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным гулъытэ хуэщІипхъэщ.

Адэкіэ Патрушевыр къытеувыІащ ерыскъыхэкІэхэм ехьэлІа шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и Іуэху зыІутым.

- Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и агропромышленнэ ІэнатІэм и щытыкІэм и гугъу пщымэ, гу зылъыптэр абы щхьэхуэу лажьэ мэкъумэшыщІэхэр зэрыщынэхьыбэщ, мэкъумэш хозяйствэ кооперацэ зызыужьа зэрыщымыІэрщ. Мыбы къызыщІагъэкІын и ныкъуэр къызыпэкІуэр уней Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэщ. Ар мэкъумэш ерыскъыпхъэхэр къыщІэгъэкІыныр зэпІэзэрыту щытыным зэран хуэхъунри хэлъщ. КИФЩІ-м хыхьэ хэгъэгуэхэм бгхуэлэжьыркъым я цІыхухэр зыхуеину ерыскъыпхъэм хуэдиз. Зы цІыхум хуэзэн уейш ерыскъыпхъэр мардэм къигъэувым нэхъри нэхъ мащІэщ. ЦІыхур псэун щхьэкІэ зыхуей ерыскъыпхъэ нэхъыщхьэхэм я нэхъыбэр Урысейм и нэгъэщІ хэгъэгуэхэм къаршу аращ, уеблэмэ мыбы къаршэ языныкъуэ ерыскъыпхъэхэр процент 80-м нос.

ЗэІуІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ УФ-м ЕрыскъыхэкІэмкІэ шынагъуэншагъэм къыщызэгъэпэщыпІуэхэхэр хэгъэгуэхэм гъэзэщІа зэрыщыхьым, нэгъуэщІхэми.

ЗэІуІэр зэпагъэуа нэужь, журналистхэм я упщІэхэм жэуап къратащ.

УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и министрым и апэ къуэдзэ **Горовой Александр**: - Кавказ Ищхъэрэм и турист ІэнатІэхэм шынагъэншагъэр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ дыщызэпсалъэм Іэтащхьэхэм жаІащ КИФЩІ-м хиубыдэ щІыналъэхэм къакІуэ зыгъэпсэхуакІуэхэм я бжыгъэр нэгъабэ процент 18-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Іуэхур еФІакІуэу дольагъу, ауэ иджыри транспортым, зыщагъэпсэху щІыпІэхэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыным нэхъри дыхуэмысакъыу хъунукъым. Дэ дызэгурыІуащ зыгъэпсэхупІэхэр зейжм дунейпсо мардэм къриубыдэ шынагъэншагъэр я Іуэхущіапіэхэм къыщыззрагъэпэщыну. Дэ, нэгъуэщІ хабзэхъумэ ІэнатІэхэри ди гъусэу, жылагъуэ хабзэр къызэпымыудыным, къэхъукъащІэ хьэлъэ къэмыгъэхъуным делэжьынущ, къэхъу хьужыкъуэми, икІэщІыпІэкІэ, хэмыкІуадэІауэ зэрыдгъэзэкІуэжьным иужь дитынущ.

Шынагъуэ здэщыІэ щІыпІэм зыми и мылъку хилъхьэнукъым, зыгъэпсэхуакІуи къэкІуэнукъым, ар дэ фІыуэ къыдгуроІуэ. ЦІыхур нэхъыбэу къыдэтхьэхмэ, бюджетым хэхъуэнущ, нэхъыбэм лэжьапІэ яІэнущ.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэмкіэ и министр **Кузнецов Лев**: - Кавказым дежкІэ мыкъэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр, сыт щхьэхуэ жыпІэмэ, зыгъэпсэхупІэ зэпэщхэр социально-экономикэ зыужьныныгъэм и хэкІыпІэщ. Апхуэдабзэщ ерыскъым епха шынагъэншагъэри. Министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ куэд зэфІэгъэкІащ зи гугъу сщІыхэм я пІэныкъуэкІэ, ауэ дяпэкІи КИФЩІ-м и зыгъэпсэхупІэхэр едгъэфІэкІуэным ди къару къиях къэмынэу етхьэлІэнущ.

КИФЩІ-м щыпсэу цІыхухэм, мыбы хьэщІэу къакІуэхэм папщІэ ерыскъыхэкІэмкІэ шынагъэншагъэр къызэгъэпэщын хуейщ. Кавказ Ищхъэрэм и закъуэкъым ар къызыпэщытыр, атІэ Урысей Федерацэ псом гулъытэ хэха щызыгъуэтын хуей Іуэхущ. УФ-м Мэкъумэш ІэнатІэмкІэ и министерствэм япэ иригъэщІу зэхигъэкІуэн дагъэлъэпІ: хадзэкІэхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, лыхэкІхэр, шэхэкІхэр къыщІагъэкІынымкІэ ехьэлІауэ проект гъэщІагъэнхэр ди1эщ, абыхэм я бжыгъэр 36-м нэблагъащ, ауэ ар щІэдзапІэ къудейуэ аращ. Иджы нэхъыщхьэр а Іуэхухэр тхьылъымпІэм къытхуэу гъащІэм нэрылъагъу щытщІыныр. Абы теухуауэ жыпІэмэ, нэгъабэ проект зыбжанэ едгъэжьащ. Статистикэм къызэригъэлъагъэмкІэ, промышленнэ производствэм Урысейм проценти 103-кІэ зыщижьаМэ, Кавказ Ищхъэрэм ар проценти 103, 2-рэ щхэхуэ. Куэдкіэ нэхъыбэкъым, ауэ зыужьныныгъэм уцыызыгъэгугъущ.

Мэкъумэш ІэнатІэм пэрытхэм фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ: ди дежкІэ хуабжьу мыхэнэшхуэ иІэщ къэзылъхуаэкъэ щылажьа щыгъум щІэблэри телэжьыхьыным. Псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр абы дегъэзыхьыным. НэгъуэщІ жыпІэмэ, къуажэдэсхэр лажьэмэ, къуажэхэм псэукІэр щефІакІуэмэ, я хэгъэгум и пщэдейм утемыгъэзвыхьми хъунущ.

ЗэІуІэр щекІуэкІа махуэм Патрушев Николай щыІащ сабий мини 5 щагъэсэну, творческэ Іэщ1агъэкІэ-рэ лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэхэмрэ щрагъэщІэну «Дыгъэпс кІалэ» сабий академием. Апхуэдэ Іуэху дахэхэр сабэпщ къыдэкІуэтей щІэблэр гъэсэныкІэ, лъэпкъ, дин зэгурыІуэныгъэр нэхъ бидз щІыныкІэ, экстремизмэр щымыгъэІэныкІэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. балъкъэр лъэпкъым, республикэм ис псомэ

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Гъатхапэм и 8-м ирохьэлІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкІуэцІ нэхъ гуаузэм ящыщ зыр. Илъэс 72-рэ япэкІэ а махуэм ди къуэш балъкъэр лъэпкъыр щалъхуа щІыналъэм тепщагъуэр зыІыгъа щІэпхъаджащІэхэм я унафэкІэ зэлымыгъэкІэ ирагъэкІри, Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ яшауэ щытащ. Балъкъэр лъэпкъым а лъэхъэнэм иІа хэщІыныгъэшхуэр республикэм ис псомэ я зэхуэдэ гукъеуэщ. Дэ ди щхьэр яхудогъэщхь властым и щхьэзыфІэфІагъымрэ гущІэгъуншагъэмрэ я зэранкІэ кІуэдахэм, зи адэжь щІыналъэм къэзымыгъэзэжахэм.

Апхуэдэ гъэунэхуныгъэ хьэлъэм балъкъэр лъэпкъыр къызэфІигъэщІакъым. Абы и бэшэчагъым, лЫгъэм, губзыгъагъэм, егугъныгъэм я фІыщІэкІэ гугъуехьхэр къызэринэкІащ, и щэнхабзэр, бзэр, хабзэхэр, цІыхугъэр ихъумащ. Хэкум къиГъэзэжри, зэман кІэщІым къриубыдэу балъкъэр лъэпкъым ехъулІэныгъэ зэрыльагъуэкІэ экономикэм, социальнэ Іэнатіэм, щэнхабзэм зегъэужьныныкІэ къихьащ икІи нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я унагъуэ зэкъуэтым хэту гъащІэщІэр ещхуэ.

Дызэщыгъуэмэ, гугъуехь псори къызэрызэднэкІынум, сыт хуэдэ Іуэхуми дызэрыпэлъэщынум, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм мамырыгъэрэ ефІэкІуэныгъэрэ къаззэрыхуэздгъэпэщыным шэч хэлъкъым.

● Ар зэрыщытар

Илъэс 13 зи кІыхьагъ гъуэгуанэ хьэлъэ

Мы гъэм и мазаем илъэс 60 ирикъуащ КПСС-м и XX съездыр къызэрызэІуахрэ. Адрей Іуэхуэм къадэкІуэу, абы къыщаІэтащ СССР-м и унафэщІу щыта Сталин Иосиф и тетыгъуэ зэманым ди къэралым щызэрахьа политикэ залымыгъэхэр. Партым и ЦК-м и Ялэ секретарь Хрущёв Никитэ абы теухуауэ ищІа докладым къыхэщыт цІыху щхьэхуэхэм я мызакъуэу, лъэпкъ куэдми лей зэратехьар. Апхуэдэ мыгъуагъэ зыкІэлъыІэзрахьахэм ящыщт балъкъэрхэри. Хэкум епцІыжауэ къыщІрагъэдэри ахэр я лъахэм ирагъэІэпхъыкІат.

Дауэ ар зэрыщытар?

...1944 гъэм и гъатхэр пасэу къэкІуат. Балъкъэрхэм я хадэ тІэкІуэр ягъэхьабзэрт. Зыми Іей игу къэкІыртэкъым, бгырыс жылагъуэхэм хьэлъэзешэ автомашинэхэм ису совет зауэлІэр дыхьа пэтми. Ар къызыхэкІри гурыІуэгуэт: зыми илъагуртэкъым зэрагъэкъуэншэн щхьэусыгъуэ. Пэжщ, мазаем и 23-м (гъэщІэгъуэнщ, ауэ Берие Лаврентий и Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэхэм зи гугъу тщІы Іуэхуэхэм хуэдэхэр махуэшхуэхэм трагъахуэрт) къэрэшейхэмрэ шэшэнхэмрэ я лъахэм зэрырагъэкІам теухуауэ къэІуа хъыбарым игъэгузавэрт. Арщхьэкіэ, цІыхухэм ягухэр фІы къащІащ, къэкІуэхэм: «къыжраІащ зрагъэгъэпсэхун папщІэ ди зауэлІэр фронтым къыІуашауэ, жьы къабзэкІэ бауэурэ, загъэпсэхумэ, дэкІыжыну.

Ауэ ар пцІы зэфэззэщт. Гъатхэпэм и 7-м и пщыхьэщхьэм къуажэдэс цІыхухъу псори щэнхабзэмкІэ унэхэм (клубхэм) щызэхуашэсащ, зэІущІэ ирагъэкІуэкІыну щхьэусыгъуэ ящІри. Ахэр нэху щыху яІыгъащ. Пщэдджыжьым адрейхэм жраІащ загъэхьэзырыкІ папщІэ сыхьэтитІ пІалъэу зэрыратыр. Араща хэлъари.

Апхуэдэ щыкІэкІэ, Іэщ къызэрырашэкІ вагонхэм Налшык гъущІ гъуэгу станцым деж щрагъэтІысхьэри, къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ яшащ балъкъэр псори: цІыхухъуи цІыхубзи, сабии ныкъуэдыкъуи... Лъэпкъ псор ягъэкъуэншащ зэрыпхъуакІуэхэм ядэІэпыкъуэу. Лажьэ зимыІэ куэдыкІей зэрахэтри зыми къыСфІэІуэхуакъым. АтІэ ар Іэмалыншэт? Сыт хуэдэу щымытами, псом я дежкІи гурыІуэгъуэт нэмыцэхэм ди щІыналъэм къызэрамыгъэзэжынур.

Зэман дэкІри, зи гъащІэ псор къурш жьэгъуэхэм щезыхьэкІа цІыхухэр къыщыхутащ Къыргызым, Къэзахъстаным, уеблэмэ, Сыбырым я щІыналъэхэм. Абыхэм щыпсэуахэр «зэрыпхъуакІуэхэм ядэІэпыкъуахэм» нэмыплъ къратУ къаІуащІащ. Арщхьэкіэ лэжьыгъэм зэпыІуамыдзу, сыт хуэдэ Іуэхуми пэлъэщу еса балъкъэрхэм къаГэлъэгъуащ хьэрэмыгъэ гуэри ягу зэримылъыр. Ахэр зыпэрагъэува Іэнатіэхэм къыщыхэжаныкІащ. ЩытыкІэ тхьИим иту яІыгъами, езыхэр къздзыхэртэкъым: комендантым хуит зыкърамыгъэщІу щІыпІэм икІыну хуиттэкъым...

Мис апхуэдэ балыхь къатепсыхаУэ щытащ балъкъэрхэм. Гъуэгуанэ кІыхьымрэ щІыІэмрэ яхуэмыхьу цІыху куэд лІащ, псэукІэ хьэлъэм пэлъэщакъым зыкъомыр. Арщхьэкіэ балъкъэрхэр къызэфІэщІакъым. Абыхэм я фІэщ хъурт зэгуэр захуагъэр зэрызэфІэувэжьнур икІи а зэгуэрыр нэхъ псынщІэу къэсыным щІэхъуэпсыр.

КПСС-м и XX съезду ипэкІэ зи гугъу тщІам и ужькІэ ГуэрыІуэгъуэ хъуащ щэшэнхэм, къэрэшейхэм, ингушхэм, къалмыкъхэм яхуэдэу балъкъэрхэм къызэрагъэзэжынур. Зэгуэр къэралым щагъэувауэ щыта тКІиягъэр хэпщІыкІыу къэщІбзэжырт.

Адэкіэ къэхъуар гурыІуэгъуэщ. 1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэфІагъэувэжащ. Балъкъэрхэм къагъэзэжащ я лъахэм. Адыгэхэм ахэр я Іыхьлы гъунэгъу дыдэхэм хуэдэу къэрагъэблагъэжащ, сыт и лъэныкъуэкІи зыщІагъэкъуащ. Ар ящыгъупщакъым.

Илъэс 13 зи кІыхьагъ гъуэгуанэ хьэлъэр зыкІуа лъэпкъым къралым хуэфащэ уВыпІэ щиубыдыжащ, ахэр гъащІэм хэзэгъэжащ. Арщхьэкіэ блэкІамиэнэпкъжьым иджыри закърагъащІэ я нэхъыжьхэм. Апхуэдэр гум ихунукъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

НОБЭ

● **♦Белоруссием щагъэлъапІэ милицэм и махуэр**
● **♦1756 гъэм** Сенатым и унафэкІэ Москва къэрал университетым типографие къыщыдзэІуахащ. Иджыпсту ар Ломоносовым и цІэр зезыхьэ МКЪУ-м и тхылъ тедзапІэщ.
● **♦1818 гъэм** Москва къыщыдзэІуахащ Минин Кузьмарэ Пожарский Дмитрийрэ я фэеплъ.
● **♦1877 гъэм** Америкэм щыщ Берлинер Эмиль микрофонэр къигупсысащ.
● **♦1846 гъэм** «Кавказ» газетым тридзащ Къаз-Джэрий и «Зи щІыхьэр ин хъурэ тетым и дж» письмор.
● **♦1918 гъэм** Тэрч ЦІыхубз Республикэр къэунэхуащ.
● **♦1955 гъэм** Японием и «Sony» фирмэм жыпкІэ къепхьэкІ хъу радиоэхр къыщІигъэкІыу щІидзащ.
● **♦1986 гъэм** СССР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм унафэ къыдигъэкІащ «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и Музей нэхъыщхьэ къызэгъэпэщыным тегъэуауэ». Ар Іэтауэ къызэІуахауэ щытащ 1995 гъэм накъыгъэм я 9-м - ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 50 щрикъу махуэм.
♦Италием щыщ композитор, дирижёр, скрипкэм Іэзэ дыдэу еуэу щыта **Вивальди Антонио** къызэралъхурэ илъэс 338-рэ ирокъу.
♦Франджы композитор цІэрыІуэ **Мориа Поль** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦Медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, ЗыплъыхьакІуэ къэзыкІухьхэм я урысей зэгурыІуэныгъэм и президенту щыта, СССР-м и Къэрал сауГэтыр зыхуагъэфэща **Сенкевич Юрий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **КІуэкІуэ Тлэдин** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Дирижёр, СССР-м и щІыхьэ артист, Москва филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и унафэщІ **Симонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цІыхубз артистка **Лужинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэн Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Радиожурналист **Хьэмту Къадир** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, публицист, ЩІДА-м и член-корреспондент, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Котляровэ Марие** къыщалъхуа мазхуэщ.
♦КъэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Моисеев Борис** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист, Къэбэрдей-Балъкъэрым экстремизмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмрэ пыща лэжьыгъэхэр щІыпІэхэм щызэгъэуІуныкІэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.
♦Урысей футболист, гуащхьэтет, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Малафеев Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пщыхьэщхьэм уэшх тІэкІу кІыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жащым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЗ
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:
Акъылыншэр си кІуэгъуэжэгъу нэхърэ, губзыгъэм и хьэм сыкъиших.

Проект инхэм къыхуэзщІагъэуІуэ ахъшэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм зрагъэужьынущ

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэр зэпІэзэрыт щІыжьныныкІэ и комиссэмрэ ЭкономикэмкІэ, инвестицэхэмкІэ, хьэрычэт Іуэхумкіэ комитетымрэ зэщІыгъуу къызэрагъэпэща зэІуІэм щыхэпльащ 2030 гъэм нэсыху КъБР-м и Инвестицэ стратегием и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зым - инвестициэхэмкІэ инфраструктурэ зэтегъуэвнымрэ абы зегъэужьынымрэ.

ЗэІУЩІЭР къыщыззэІуихым КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Бозий Натбий депутатхэм ягу кІигъэкІыжащ умей мылъку зыхэлъ ІэнатІэхэм зэпымыууэ зегъэужьын, инвестицэ Іуэхухэр зэблигъэкІыныкІэ къэралым иригъэкІуэкІ лажьыгъэхэм зегъэубгъын зэрыхуейр УФ-м и Президент Путин В. В. 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къызэрыщыхигъэщар.

«Дэ къытпэщытщ экономикэм зегъэужьынымкІэ, социальнэ щытыкІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, лажьапІэ ІэнатІэщІэхэр къызэгъэпэщынымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэну инвестицэ проект инхэр зыгъэзащІэ предприятэхэм налогхэм я лъэныкъуэкІэ зэрыхудачых щІыкІэхэм КъБР-м и Парламентыр хэлпъэжьын, инвестицэ инфраструктурэм и къудамэщІхэр зэтегъуэвэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр КъБР-м и Правительствэм иубзыхун хуейщ. А псоми япкъ иткІэ республикэм щызэтрагъуэвэнущ инженер, коммуникацэ инфраструктурэ зызыужьа зиІэ инвестицэ ІэнатІэхэр. Апхуэдэу дэ а едгъэкІуэкІ Іуэхухэр къыгурыІуэну икІи къыддиІыгъыну дыщогучэ инвестицэ инфраструктурэм и Іыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ банк ІэнатІэми. Республикэм и кредит Іуэхущіапіэхэм инвестицэ проектхэм кредитхэр зэрыхуаутІыпщ программэ пыухыкІахэр зэхалъхьэн хуейщ, дэтхэнэ зы проектми текІуэдэну ахъшэр зыхуэдизыр, ахъшэр къызэралэжьыжьыфыну зэманыр къэлъытауэ», - жиІащ Бозий Натбий.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Гъатхэпэм и 21 щІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ мэлыжьыхьыым и 1-м щыщІэдзауэ.

Мазищым ди газетым и уасэр сом 419-рэ кІэпІейкІэ 94-рэщ.

Ди индексыр 51531

Проект инхэм къыхуэзщIагъэуIуэ ахъшэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэм зрагъэужьынущ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ЗэIущIэм хэтахэр едэIуад КъБР-м и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэпIэзэрыт щIыжьныжьмкIэ и комиссэм 2015 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмкIэ, хъэрычэт IуэхумкIэ комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур къыхилъхьа информацэм.

Абы зэрыжиIамкIэ, экономикэ политикэмкIэ оперативнэ лэжьакIуэ гупым хэтхэр, зыхуэфащэ комитетхэр, гъэзэщIакIуэ властым и лIыкIуэхэр зэщIыгъуу тепсэлыхьащ республикэм и щIыналъэм щIыпIэ бэзэрхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщым, промышленностым зегъэужьынымкIэ щIыпIэхэм («Тэрчналмэс» акционер зэгуэныгъэ зэIухам и щапхъэм тету) нэгъэущI къэралхэм кьыщащхэм пэхъун продукцэ КъБР-м и промышленнэ предприятэхэм кьыщыщIэгъэкIынымкIэ программэр зэрагъэзащIэм, хъэрычэт Iэнатlэ мыинымрэ курытымрэ я Iуэхущlапlэхэм ират къэрал дэIепыкъуныгъэм.

Гъэзэщlакlуэ властым зыхуэфащэ и органэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэмрэ профсоюз зэгуэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр кьырихьэлIэу, социальнэ политикэмкIэ операативнэ лэжьакIуэ гупым хэтхэр парламент едэIуэныгъэхэм, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, комитет щхьэхуэхэм я зэIущIэхэм щыхэплъащ социальнэ Iэнатlэм пыщIа Iуэху куэдым. Апхуэдэхэм ящыщщ хущхъуэ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэр зэращэ уасэхэм зэрызахъуэжыр, ипотекэ кредитхэр зэрат щыкIэмрэ а Iуэхум зегъэужьынымрэ, республикэм и щIыналъэм демографие политикэр щыпхыгъэкIынымр, КъБР-м и кьуажэхэм я социальнэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэзбжьэныр.

«Ищхьэкlэ къыщыгъэлъэгъуа а Iуэху псоми теухуауэ жаIахэм япкъ иткIэ яубзыхуа чэнджэщхэр КъБР-м и Правительствэм, республикэм и министерствохэмрэ ведомствохэмрэ, властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ Iуэхущlапlэхэм хуагъэхьащ. Мис апхуэдэ чэнджэщхэргъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыныр нэхъ тэмэму къызэдгъэпэщынхуейщ», - къыхигъэщхьэхуэкIащ Iэпщэ Заур.

ЗэIущIэм щытепсэлыхьащ икIи къыщащтащ КъБР-м и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэпIэзэрыт щIыжьныжьмкIэ и комиссэр 2016 гъэм и гъатхэ сессием кьриубыдэу зэрылэжьэну планыр.

Республикэм и инвестицэ инфраструктурэ зэтегъэуэвэныжьмкIэ икIи абы зегъэужьыныжьмкIэ зэфIагъэкIэр депутатхэм я пащхьэ ирилъхьащ. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэждыгу Темыркъан. Ар тепсэлыхьащ КъБР-м и Промышленнэ предприятэхэм кьыщыщIэгъэкIынымкIэ программэр зэрагъэзащIэм, хъэрычэт Iэнатlэ мыинымрэ курытымрэ я Iуэхущlапlэхэм ират къэрал дэIепыкъуныгъэм.

Гъэзэщlакlуэ властым зыхуэфащэ и органэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэмрэ профсоюз зэгуэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр кьырихьэлIэу, социальнэ политикэмкIэ операативнэ лэжьакIуэ гупым хэтхэр парламент едэIуэныгъэхэм, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, комитет щхьэхуэхэм я зэIущIэхэм щыхэплъащ социальнэ Iэнатlэм пыщIа Iуэху куэдым. Апхуэдэхэм ящыщщ хущхъуэ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэр зэращэ уасэхэм зэрызахъуэжыр, ипотекэ кредитхэр зэрат щыкIэмрэ а Iуэхум зегъэужьынымрэ, республикэм и щIыналъэм демографие политикэр щыпхыгъэкIынымр, КъБР-м и кьуажэхэм я социальнэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэзбжьэныр.

«Ищхьэкlэ къыщыгъэлъэгъуа а Iуэху псоми теухуауэ зэIущIэгъуэ зэхалъхьа проектхэр гъэзэщIэныр къызэгъэпэщыныгъэ, информацэ лъэныкъуэмкIэ зэщIэгъэуIуэныр, проектхэр Iэнатlэ псоми щыпхыгъэкIыныр, къэралыр зыдагъэIэпыкъун папщIэ къагъэсэбэп хъуну хэкIыпIэхэм, къэрал мылькумрэ уней мылькумрэ зэщIыгъуу зэхалъхьа проектхэр гъэзэщIэныр къызэгъэпэщыныгъэ, информацэ лъэныкъуэмкIэ зэщIэгъэуIуэныр, проектхэр Iэнатlэ псоми щыпхыгъэкIыныр, къэралыр зыдагъэIэпыкъун папщIэ къагъэсэбэп хъуну хэкIыпIэхэм, къэрал мылькумрэ уней мылькумрэ зэщIыгъуу зэхалъхьа проектхэр гъэзэщIэныр къызэгъэпэщыныгъэ, информацэ лъэныкъуэмкIэ зэщIэгъэуIуэныр, проектхэр Iэнатlэ псоми щыпхыгъэкIыныр, къэралыр зыдагъэIэпыкъун папщIэ къагъэсэбэп хъуну хэкIыпIэхэм, къэрал мылькумрэ уней мылькумрэ зэщIыгъуу зэхалъхьа проектхэр гъэзэщIэныр къызэгъэпэщыныгъэ, информацэ лъэныкъуэмкIэ зэщIэгъэуIуэныр, проектхэр Iэнатlэ псоми щыпхыгъэкIыныр, къэралыр зыдагъэIэпыкъун папщIэ къагъэсэбэп хъуну хэкIыпIэхэм, къэрал мылькумрэ уней мылькумрэ зэщIыгъуу зэхалъхьа проектхэр гъэзэщIэныр къызэгъэпэщыныгъэ, информацэ лъэныкъуэмкIэ зэщIэгъэуIуэныр, проектхэр Iэнатlэ псоми щыпхыгъэкIыныр, къэралыр зыдагъэIэпыкъун папщIэ къагъэсэбэп хъуну хэкIыпIэхэм, къэрал мылькумрэ уней мылькумрэ зэщIыгъуу зэхалъхьа проектхэр гъэзэщIэныр къызэгъэпэщыныгъэ зэIуэуIуэну инвестицэ фондыр зэхуэщIа, щIыналъэ банк, щIыналъэ лизинг компание, инвестицэ проект пэрытхэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр къызэщIэзыгъэуIуэну инвестицэ фондыр зэхуэщIа, республикэм къыщыщIагъэкI продукцэр нэгъэущI къэралхэм щыщэныр къызэзэгъэпэщыну центр зэтегъэуэвэныр.

«Урысейм и ХъумапIэ банк» акционер зэгуэныгъэ зэIуэам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущlапlэ №8631-м и къудамэм и унафэщI Елеков Азэмэт къыхихыгъэщащ ХъумапIэ банкым кредитхэр псоми зэдыщIэкIыу яритыну Iэмал зэримыIэр икIи инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным хэтыныр Iуэхущlапlэм щыхуэзэфIэмыкIынум и щхьэгъэсыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэр щIыхуэ къэзыщтэнум езым ахъшэ зэримыIэр. Дэтхэнэ инвестицэ проектри зыгъэзэщIэну папьуэ Iуэхущlапlэм иIэн хуейщ а проектым текIуэдэну ахъшэм и процент 15-40 хуэдизыр. Проектыр къыхэзылъхьам бгъэдэлъ ахъшэм хабжэкрьыкъым къэрал субсидиехэр, сыту жыпIэмэ, щIыхуэ къэзыщтэр субсидие зратахэм я реестрым щыхатхэр кредитхэмкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзу абы кредитыр къыIиха иужьщ.

ЕтIуанэрауэ, кредитыр зратым сакъылэти къигъэуэвыркъым. ХъуманIэ банкым иджыпсту къегъэсэбэп ахъшэ зэрат схемэ нэхъ къызэрыгуэкIхэр. Абыхэм япкъ иткIэ нэхъ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэль Iуэхущlапlэхэр, щIыхуэхэр пшыныжьымкIэ дагъуэ зыхуамыщIхэр яубзыху. А псоми къэдкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ нэгъэущI хэкIыпIэхэри зэрыщIэрыпхъэр икIи абыхэм япкъ иткIэ къэралыр бизнесым зэрыдэIэпыкъур («ШэсыпIэ фонд», «Кредит шэсыпIэхэмкIэ агентствэ», «ЗыужьныгъэмкIэ федеральнэ корпораци», нэгъэущIхэри).

Банкым кредитхэр итын щIимыдэ щIыхуэусыгъуэхэм ящыщщ инвестицэ проектхэр гъэзэщIэныр щыщэтрагъэувэ лъэхъэнэм щIыхуэхэм процентклэ щхьэщатыкIын ахъшэ Iуэхущlапlэхэм зэрамыIэр.

Полимер кьабзэхэр кьыщIэзыгъэкI «ЭТАНА» завод» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгуэныгъэм и генеральнэ директор Iэщын Сергей тепсэлыхьащ мы Iуэхущlапlэхэм хиубыдэу зэтрагъэувэну Iэнатlэхэм, кластерым псори зэхэту хиубыдэну уухуэныгъэхэр зыхуэдизым, инвеститорхэр проектым кьыхэщIэнатlэ мы зэманым кьагъэсэбэп зэкIыпIэхэм.

ЗэIущIэм щыжIалахэм япкъ иткIэ абы хэтахэм кьащтащ зыхуэфащэ Iэнатlэ пыхьыкIахэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Апхуэдэущ ягу къызэринэжынури

● Фэеплъ

2006 гъэм фокIадэм и 20-м Бахъсэн ГЭС-м и пщIантIэшхуэм щыхур Iуву щыпэкIурт. Iуэху гуапэкIэ ахэр зэрызэхыхьэм и нэщэнэ угъурлыуэ дунейри уэфI дахэт, гуфIэгъуэм хэтхэм закъыдищI нэхъей, дыгъэри псэгъэтыншу и бзий нурыбэмкIэ щIылъэм кьетэрт.

Зэрымахуэ лъапIэр къыбжаIэу, станцым и пщIантIэр екIуу зэлъыIухат. «Бахъсэн ГЭС-р илъэс 70 ирокъу» псалъэхэр и дыхьэпIэ-щIыхьэпIэхэм хьэрфышхуэкIэ къыщыхэнэхуКIырт. Гидроэлектростанцыр щаухуэм хэлIыфIыхьахэм я щIэблэр, Мэзкуу, Кавказ Ищхьэрэм и щIыпIэ куэдым щыщ хьэщIэхэр, ГЭС-м зегъэужьным зи гуащIэ хэзылъхьахэр, республикэм и Правительствэм и унафэщIхэр а махуэм теухуа Iуэхугъуэ гукъинэжым зэхуиушэсат. ЗэIущIэшхуэм япэу фIыкIэ зи цIэ къыщрагъуахэм ящыщщ Дыкъынэ Хьэсэн Жамбэч и къуэр.

БАХЪСЭН ГЭС-р лажьэу щауТыпща гъэм Хьэсэн илъэсипщI ирикъуа къудейт. ИтIани, а зэман гуащIэм, куэд дыдэ щагъэхьа лъэхъэнэм ильэгъуэхэмрэ зэхихахэмрэ димыгъэхуIауэ къиIуэтэжьсфырт. Iэбыдэлъэбыдэу, гурыхуэу къэтэдж щIалэ цIыкIум Iэджэм гу лъитэрт, псынщIэуи къипхъуатэрт. И нэгу щIэкIхэр фIэгъэщIэгъуэн къудейтэкъым, абы и дежкIэ телъыджащэт Бахъсэнэпс Iэлыр къызэрагъэIэсар, токым и кьару мыкIуэщIыжьыр. Къэзыщlыхухэр абы «дадэкъуапэкIэ» кьеджэрт, «фыкъаплъэ, фыкъэдаIуэ, а щIалэ цIыкIум зы фIыгъуэ гуэр къыдэкIуэнкIэ» жаIэу.

Ахэр щыуатэкъым. «Вы хъунур шкIэ щIыкIэ къыбощIэ», - жыхуаIэрати, Дыкъынэм зыкъыжьащ, «дзыхь» псалъэм и мыхьэнэр пасэу зыхищIащ.

- 1940 гъэм и фокIадэ мазэм Мэзкуу дэс си анэ дэлъху Бэчкъан Хьусен и тхыгъэ кьысIэрохьэ. Сэ ар куэдрэ щIэзджкIащ, нобэр кьыздэсми сыхуэсакъыу сохъумэ. Кьысхуитхар щиниигъэ письмот, зыхуэзгъэзэри сэрат. Си анэ дэлъхур зауэм кьелакъым, ауэ абы лъандэрэ зы махуэ сщыгъупщэркъым Хьусен мыгъуэм и псалъэ гуапэхэмрэ и ущие нэхухэмрэ. Ахэр си гъуазэу мы гъащIэм сыхьхьащ, гъусэ пэжри кьыздекIуэкI зэпытщ, - игу кьигъэкIыжырт Хьэсэн.

- Дыкъынэм и псэр зыхэлъэр Бахъсэн ГЭС-рщ, абы и цIэр щымыгъуу станцыр кьыпхуэлъытэнукъым, - жаIэрэйт фIыуэ зыцIыхуэхэми и лэжьэгъуэхэми. Зэрыщытари аращ.

1944 гъэм гъатхэпэм и 12-м фашистхэм зэхахьута ГЭС-р зэзыгъэпэщыжхэм яхьыха щIалэ жаным, зэчиифIэм гидротурбинэм и машинист Iэщlагъэм зыхьыгъэгъуазэ, абы и щхьхуэр куууэ едж, токари зеГьаеэ. Гидротурбинэр монтаж зэращI, ар лэжьыгъэм зэрыхуагъэхьэзыр щIыкIэр Ивановэ кьалэм ильэситкIэ щызригъэщIа нэужь, и зэфIэкIыр кьалытэри, мастеру, мастер нэхъыжьу ягъэув, 1977 гъэм Бахъсэн ремонт участкэм и унафэщI кьалэныр и пщэ далъхьэ. Зэрылажьэм хуэдэурэ Iэпэгъут, дэтхэнэри и щхьэм ирилъытырт. И фэеплъу хьэтIохьэщыкъуейдэсхэм кьахуэнахэм ящыщщ автобус къуэвыIэпIищым щигъэува щIэуванIэ екIуэхэр, сабий джэгуплэ зэмылIэужьыгъуэхэр, ТекIуэныгъэ Инир илъэс щэщI щрикъум ирихьэлIэу «Бахъсэн ГЭС» станцым и бгъум кIэнауэм декIуэкIыу щигъэтIыса жьг хадэ цIыкIур, къуажэдэсхэм яхуищIа Iуэхутхьбзэкэр.

И лажьыгъэм кьыпэкIуэу Хьэсэн къыхуагъэфащащ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и энергетик», «Урысей Федерацэм Гъэсыныпхъэмрэ энергетикэмкIэ и министерствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Урысейм и ЕЭС-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр, «Хэку зауэшхэм и лъэхъэнэм къигъэлъэгъуа гуащIэдэкI лъагэм папщIэ» медалыр, КъБР-м и Президентым, республикэм и Правительствэм, СССР-м ЭнергетикэмкIэ и министерствэм я ЩIыхь тхылъхэр, «СССР-м энергетикэмрэ электрификацэмкIэ и отличник» бгъэхэлIу. И ялэ дамыгъэр - 1946 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къратa Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъэу - республикэм и Лъэпкъ музейм щахъумэ.

1999 гъэм кьыщыщIэдзауэ а ЗэщIагъэлI Гъуэзэджэр турбинэ, гидромеханикэ Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыныжьмрэ зэтеуухуэныжьмкIэ Бахъсэн ремонт участкэм чэнджэщзэгъуу щыIащ. Абы кьикIуа гъуэгуанэ зэлъэмэтыр, и дуней тетыкIар, и лэжьэкIар аухуэдизкIэ гъэщIэгъэунэщ, узыIэпызышэщи, а псом я гугъу щащIкIэ, кIэуэ гуэр иIэу кьыпхуэущIэгъкым. Дыкъынэр икIи щIэинхъымэт. Бахъсэн ГЭС-м и зэфIэувэкIар зэрыщыту къэзыIуэтэж тхыгъэхэр, газет напэкIуэцIхэр, тхылъ щхьэхуэхэр, тхылъымпIэ кIапэхэр, сурэт куэдыкIейхэр и унагъуэ музей Iэхуитлъэхуитым дапщэщи щызэIэпахырт.

Мыри ди гуапэу къыхэдгъэщынут: Хэку зауэшхэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухэр илъэс хыщI щрикъум иригъэлIэу СНГ-м и Электроэнергетикэ советым энергетикэм и ветеран щхьэхуэхэм «СНГ-м щIыхь зиIэ и энергетик» цIэ лъапIэр яфIищащ. Кавказ Ищхьэрэм и энергетикэм ящыщу а дамыгъэр япэу зыхуагъэфащар Хьэсэнщ.

КъызыхэкIа лъэпкъым, къэзылъхуахэм яхуэфащэу, абыхэм я пщIэр, я нэмысыр иIыгъыжу, гущIэгъушхуэ хэлъу, цIыху пэжу, къызэрыгуэкIыу, унагъуэ дахэм и тхьэмадэ Iэмахуэу къэгъуэгурыкIуэщ гъащIэ хъарзынэ езыхьэкIа, нэгъабэ гъатхэпэм и 9-м дунейм ехыжа Дыкъынэ Хьэсэн. ПщIэ лей кьимыльхьуэу и цIэр фIыкIэ жезыгъэIа, и гур итхьэщыкIауэ бэм яхэта нэхъыжь уэгурлыр цIыхухэм нобэми гуапэу ягу къагъэкIыж.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и прокуратурэм

Жыджэру щахъумэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрий иригъэкIуэкIа зэIущIэм щызэхалъхьэжащ граждан, арбитраж Iуэхухэр щызэхалъхьэкI судхэм прокурорхэр хэтыныр къызэзыгъэпэщя къудамэм гъэ кIуам зэфIигъэкIахэр.

КъЫЗЭРАГЪЭПЪЭГЪУАМКIЭ, цIыхухэмрэ къэралымрэ я хуитныгъэхэр, хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр республикэм и прокуратурэм и Iэхущlапlэхэм судхэм жыджэру щахъумэ. Я пщэрылъхэр ягъэзащIэу, граждан Iуэху 2859-м щыхэплъа судхэм прокурорхэр нэгъабэ хэтащ.

Сом мелуан 932,3-м щIигъу хуэзэу судхэм ирата искрэ заявленэу 2684-м щыщу 2233-р зохагъэкIащ. Прокурорым кьигъэувкэр хэгъэзыхьышэу даIыгъри, тхылъ псоми арэзы техъащ, сом мелуан 55,5-кIэ зэгурыIуэри, Iуэхухэр ягъэтIылъыжащ. НэгъэущIу жыпIэмэ, искхэм я процент 99,9-м теухуауэ прокурорхэм кьагъэувкэр кьащтащ. ЦIыхухэм лэжьыгъэмкIэ, псэупIэмкIэ, пенсэхэмкIэ, нэгъэущI социальнэ IуэхухэмкIэ я хуитныгъэхэр, балигъ мыхъуахэм я сэбэп зыхэлъхэр прокурорхэм судхэм щахъумащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Арбитраж судым иск 51-рэ ягъэзащI. Абыхэм ящыщу 16-р зэгурыIуэныгъэхэр нэпцIу кьеГъэлъытэным, 35-р административнэ е нэгъэущI хабзэ зэхущытыкIэхэм ятеухуат. Прокурорхэм я искхэм я процент 90-м щIигъур судым пэжу кьилъытащ икIи абыхэм арэзы техъащ.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ прокурорхэм я пщэрылъхэр граждан, арбитраж судхэм зэрыщагъэзащIэ щыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIаУэ я къапэщытхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Бзылъхугъэхэр зэкъуэттмэ

КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я советым и Уставым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьаным, абы и унафэщIыр хэхыным теухуауэ иджыблагъэ зэIущIэ щекIуэкIащ Налшык къалэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм. Абы кьекIуэлIащ республикэм и щIыналъэхэм кьикIа бзылъхугъэ 90. ЗэIущIэм кьрагъэблагъащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, жылагъуэ зэгуэныгъэ зэхуэмыдэхэм, щIыпIэ самоуправленэхэм я лIыкIуэхэр. Iуэхум хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр **Шэт Ирмэ**, республикэм и Профсоюзхэм я зэгуэныгъэм и унафэщI **Амщыкъуэ ФатIимэт**, Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хьэзэрэталий**, Парламентым и депутат **Азычэ Светланэ**, Кэбэрдей-Балъкъэрым и Iтащхьэм и чэнджэщгъэ **Уянаевэ Аминат**.

Советым и правленэм IэIэткIэ хагъэхьащ бзылъхугъэ 25-рэ. КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я советым и унафэщIу хахащ Кхъуэлуфэ Иринэ. Ар лэжьащ Налшык къалэм и архитектор нэхъыщхьэу, КъБР-м уухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къуэдзэу, Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэу, республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъэу **Уянаевэ Аминат**.

Советым и правленэм Iэ1эткIэ хагъэхьащ бзылъхугъэ 25-рэ. КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я советым и унафэщIу хахащ Кхъуэлуфэ Иринэ. Ар лэжьащ Налшык къалэм и архитектор нэхъыщхьэу, КъБР-м уухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къуэдзэу,

● ЗэIущIэхэр

Iэпэгъут, дэтхэнэри и щхьэм ирилъытырт. И фэеплъу хьэтIохьэщыкъуейдэсхэм кьахуэнахэм ящыщщ автобус къуэвыIэпIищым щигъэува щIэуванIэ екIуэхэр, сабий джэгуплэ зэмылIэужьыгъуэхэр, ТекIуэныгъэ Инир илъэс щэщI щрикъум ирихьэлIэу «Бахъсэн ГЭС» станцым и бгъум кIэнауэм декIуэкIыу щигъэтIыса жьг хадэ цIыкIур, къуажэдэсхэм яхуищIа Iуэхутхьбзэкэр.

И лажьыгъэм кьыпэкIуэу Хьэсэн къыхуагъэфащащ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и энергетик», «Урысей Федерацэм Гъэсыныпхъэмрэ энергетикэмкIэ и министерствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Урысейм и ЕЭС-м щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр, «Хэку зауэшхэм и лъэхъэнэм къигъэлъэгъуа гуащIэдэкI лъагэм папщIэ» медалыр, КъБР-м и Президентым, республикэм и Правительствэм, СССР-м ЭнергетикэмкIэ и министерствэм я ЩIыхь тхылъхэр, «СССР-м энергетикэмрэ электрификацэмкIэ и отличник» бгъэхэлIу. И ялэ дамыгъэр - 1946 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къратa Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъэу - республикэм и Лъэпкъ музейм щахъумэ.

1999 гъэм кьыщыщIэдзауэ а ЗэщIагъэлI Гъуэзэджэр турбинэ, гидромеханикэ Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыныжьмрэ зэтеуухуэныжьмкIэ Бахъсэн ремонт участкэм чэнджэщзэгъуу щыIащ. Абы кьикIуа гъуэгуанэ зэлъэмэтыр, и дуней тетыкIар, и лэжьэкIар аухуэдизкIэ гъэщIэгъэунэщ, узыIэпызышэщи, а псом я гугъу щащIкIэ, кIэуэ гуэр иIэу кьыпхуэущIэгъкым. Дыкъынэр икIи щIэинхъымэт. Бахъсэн ГЭС-м и зэфIэувэкIар зэрыщыту къэзыIуэтэж тхыгъэхэр, газет напэкIуэцIхэр, тхылъ щхьэхуэхэр, тхылъымпIэ кIапэхэр, сурэт куэдыкIейхэр и унагъуэ музей Iэхуитлъэхуитым дапщэщи щызэIэпахырт.

Мыри ди гуапэу къыхэдгъэщынут: Хэку зауэшхэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухэр илъэс хыщI щрикъум иригъэлIэу СНГ-м и Электроэнергетикэ советым энергетикэм и ветеран щхьэхуэхэм «СНГ-м щIыхь зиIэ и энергетик» цIэ лъапIэр яфIищащ. Кавказ Ищхьэрэм и энергетикэм ящыщу а дамыгъэр япэу зыхуагъэфащар Хьэсэнщ.

КъызыхэкIа лъэпкъым, къэзылъхуахэм яхуэфащэу, абыхэм я пщIэр, я нэмысыр иIыгъыжу, гущIэгъушхуэ хэлъу, цIыху пэжу, къызэрыгуэкIыу, унагъуэ дахэм и тхьэмадэ Iэмахуэу къэгъуэгурыкIуэщ гъащIэ хъарзынэ езыхьэкIа, нэгъабэ гъатхэпэм и 9-м дунейм ехыжа Дыкъынэ Хьэсэн. ПщIэ лей кьимыльхьуэу и цIэр фIыкIэ жезыгъэIа, и гур итхьэщыкIауэ бэм яхэта нэхъыжь уэгурлыр цIыхухэм нобэми гуапэу ягу къагъэкIыж.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

● Зэпеуэ

Гуапагъэр зи IэрыкIхэм я саугъэт

«Ди къэкIуэнур» щIыналъэ социальнэ программэхэм я фондым хэIущIыIу ищIащ социальнэ хъарыкIт Iуэхум Урысейм зыщегъэужьыныжьмкIэ ябгъэдэль фIыщIэм папщIэ гъэ къэс ят «Гуапагъэм и нэщэнэ» саугъэтыр къэхьыныжьмкIэ конкурсым хэтынухэм заявкэхэр кьыIахыу зэрыщIадзар.

Зэпеуэм хьихьэ хъунущ хьэрычэт Iэнатlэ мыинхэмрэ курытхэмрэ, сатум темылажьэ организацэхэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я ящыщу социальнэ хьэрычэт Iуэхум хэлэжьыхьэр, апхуэдэу мы Iуэхум тетхыхь цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэр. Конкурсым щытекIуэхэм мы гъэм псори зэхэту иратыну ахъшэр сом мелуани 2-м щIегъу.

Заявкэхэр 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м нэсыху кьыIахынущ. ТекIуэхэр 2016 гъэм накъыгъэм и 17-м щцатъэпэIэнущ Москва и Правительствэм и Унэм.

Конкурсым хэтыну хуейхэм заявкэхэр иралъхьэн хуейщ http://application.impulsdobra.ru// сайтым.

Конкурсыр зэрекIуэкIыну щIыкIэм нэхъ убзыхуауэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ фондым и http://www.nb-fund.ru/award/ официальнэ сайтым, impulsdobra.ru сайтым, апхуэдэу 8 (800) 333-68-78 (щIагъэ бжыгъэр-2), 8 (8662) 40-80-82 телефонхэмкIэ.